



MOIS DU CRÉOLE À MONTRÉAL - 25^E ÉDITION
MWA KREYÒL MONREYAL – 25ÈM EDISYON

KOMINIKE POU LAPRÈS

Pou difizyon san pèdi tan

Monreal pral louvri selebrasyon 25èm Edisyon « Mwa Kreyòl » la an gran avèk Jocelyne Béroard, Tony Chasseur plis kèk lòt gwo atis

Monreal, jiyè 2026 — Samdi 3 oktòb 2026, a 7 è 30 pm, KEPKAA ap lanse ofisyèlman 25èm edisyon « **Mwa Kreyòl la** » ak yon gwo espektak anivèsè k ap fèt nan sal **Ludger-Duvernay**, nan « **Monument-National**. »

Pou make 25 lane istwa sa a, de (2) nan pi gwo anbasadè mizik kreyòl yo pral rankontre sou menm sèn nan: **Jocelyne Béroard**, rèn chantrèl mizik zouk la, ak **Tony Chasseur**, youn nan pi bèl vwa nan Karayib la. Y ap gen ak yo mizisyen ki gen anpil eksperyans ak anpil talan pou akonpaye yo. Yo pral ofri piblik la yon konsè eksepsyonèl kote zouk, begin, jazz kreyòl ak ritm Karayib yo pral marye pou kreye yon bèl fèt mizikal k ap pote chalè, emosyon epi lespri tèt ansanm.

Konsè sa a pral pote tou limyè sou richès ak vitalite sèn kreyòl Monreal la avèk patisipasyon **Rebecca Jean**, youn nan nouvo zetwal ki pi pwomèt sou sèn mizikal Kebèk la, li te fè yon gwo enpresyon pandan espektak **Fèt Nasyonal Kebèk 2026** la kote li te chante ansanm ak plizyè nan pi gran chantè kebekwa yo. Ap gen tou **Jean-Christophe Germain**, ansyen manm gwoup **Malavoi**; finalman **Harold Faustin & Samina** oswa **Koukoulduo**, ki fè non yo grasa bèl mizik fizyon yo kreye ant jazz ak sonorite kreyòl yo.

KEPKAA te fonde « **Mwa Kreyòl la** » nan Inivèsite Monreal, jou ki te 5 oktòb 2002. Jodi a, vennsenk ane apre, evènman sa a vin tounen youn nan pi gwo randevou entènasyonal ki selebre lang, atizay ak kilti kreyòl yo. Depi 25 lane, li kontinye ap bati pon ant pèp yo, ranfòse dyalòg ant kilti yo epi fè eritaj kreyòl la simaye nan Kebèk, Kanada ak nan tout espas frankofòn nan.

ESPEKTAK OUVÈTI A

Samdi 3 oktòb 2026, a 7 è 30 pm

Sal Ludger-Duvernay, Monument-National

1182, boul. Saint-Laurent, Monreal (Kebèk) H2X 2S5

ACHA TIKÈ

www.PlacedesArts.com

514 842-2112 / 1 866-842-2112

Balkon: 75 \$ - Anba: 85 \$ + taks

Enfòmasyon : 514 802-0546 oswa kepkaa@videotron.ca